

Konklizyon ki soti nan Gid Avoka Jeneral Plizyè Eta yo ki Konfime Legalite Inisyatif Jistis Anviwònmanal yo

Sa ki anba la a mete aksan sou egzanp ki soti nan Gid la sou règleman ak aktivite ke antite piblik ak prive yo ka antreprann pou fè pwogrè nan jistis anviwònman an.

Edikasyon, Asistans Teknik, ak Sipò Finansman	Edikasyon – Pwogram edukasyon pou òganizasyon ki pa la pou fè pwofi, minisipalite ak lòt moun sou pwoblèm jistis anviwònman an, efò ak opòtinite finansman.
	Asistans Teknik ak Finansman – Fòmasyon, asistans teknik, ak sipò finansman pou adrese sante anviwònman an ak domaj anviwònman ki pa pwopòsyonèl, kimilatif ak/oswa konsantre.
Angajman ak Patisipasyon Piblik	Aksè nan Lang – Aksè nan lang pou asire patisipasyon piblik la epi pou amelyore sante ak sekirite tout kominote yo atravè, pa egzanp, avi, alèt, reyinyon, avètisman ak resous.
	Kontak ak Aksè – Pratik pou amelyore aksè pou patisipasyon kominote a, ki gen ladan moun ki andikape oswa ki gen estati imigrasyon vilnerab. Sa yo ka gen ladan yo ofri prezans ibrid, varye lè reyinyon pou akomode bezwen travay oswa bezwen swen, peryòd kòmantè pwolonje, ak kontak laj, sible ak bonè.
Idantifikasyon ak Analiz Fado	Analiz Syantifik ak Koleksyon done – Siveyans, katografi, rechèch ak analiz kalite lè ak dlo pou enfòme pran desizyon anviwònman.
	Done sou Enpak Kimilatif – Koleksyon done sou faktè estrès chimik ak non-chimik ki sipèpoze pou konprann kijan polisyon ak lòt fado kreye enpak dispwopòsyonèl sou kominote ak popilasyon espesifik.
	Done Sosyo-Anviwònmanal – Analize done polisyon ansanm ak lòt ansanm done pou predi enpak sou sante moun, tankou kote moun ki gen plis risk pou sante yo ye, faktè estrès sosyoekonomik, ak aksè a detèminan sosyal sante yo (tankou aksè a swen sante, lojman, manje, sèvis piblik, transpò, oswa travay).
	Ko-jesyon siveyans kominotè – Pwopriyete kominotè a oswa ko-jesyon siveyans polisyon an bay done an tan reyèl pou konprann fado polisyon an epi aplike limit emisyon yo.

Anpeche ak Diminye Ekspozisyon a Polisyon	Aksè a Dlo Potab – Pwogram pou pwoteje aksè a dlo pwòp e san danje, tankou finansman pou pwojè enfrastrikti minisipal ak domestik, tankou ranplasman tiyo plon, bay dlo pandan kriz, ak tèl pi.
	Inisyativ pou Kay ki An Sante – Règleman ak pwogram pou amelyore anviwònman andedan kay la lè yo diminye polisyon lè a, toksin ak ensèk nwizib. Sa yo ka gen ladan yo estanda emisyon aparèy yo, finansman pou monitè ayerasyon ak sistèm pirifikasyon, ak estanda pou elimine plon ak mwazi ak aplikasyon yo.
	Revizyon Jistis Anviwònmantal ak/oswa Enpak Kimilatif – Revizyon ak evalyasyon jistis anviwònmantal oswa enpak kimilatif pou idantifye epi ede diminye oswa evite ogmantasyon ekspozisyon a polisyon ki soti nan pèmi enstalasyon oswa desizyon sou itilizasyon tè nan kominote ki deja gen sous polisyon.
	Plan ak Akò sou Benefis Kominotè yo (PBC ak ACB) – PBC ak ACB pou ede asire ke benefis ki soti nan desizyon sou itilizasyon tè ak enfrastrikti yo ale nan kominote yo. Yo ka pèmèt devlopè yo ak gouvènman lokal yo angaje yo nan mezi tankou rediksyon polisyon, aksè a travay, ak pwoteksyon anviwònman pou adrese enpak sou sante anviwònman an.
Preparasyon ak Rezilyans pou Klima	Enfrastrikti Rezistan Klima – Pwogram rezistans klima ki pwoteje kominote ki afekte plis pa efè chanjman klimatik yo. Sa yo ka gen ladan yo pwoteksyon kont inondasyon, amelyorasyon dlo lapli, rediksyon chalè (pa egzanp, pyebwa, do kay fre, espas vèt), pwoteksyon kay nan zòn vilnerab, ak Sant Rezilyans kominotè pou ofri elektrisite, refwadisman, manje, ak èd medikal pandan ak apre move tan ekstrèm.
Aplikasyon ak Rekou	Gwoup Travay ak Gwoup Travay Entè-ajans yo – Gwoup travay pou reyini ajans leta, rejyonal ak lokal yo pou kowòdone enspeksyon, bay kontravansyon epi òganize reyinyon piblik pou amelyore aplikasyon lalwa, tankou reponn a rapò vyolasyon yo epi travay an patenarya ak kominote ki afekte yo.
	Patenarya ak Kontribisyon Kominotè nan Aplikasyon Lalwa – Envestigasyon ajans piblik yo ak aksyon aplikasyon lalwa ki baze sou done ki soti nan gwoup kominotè yo atravè twous tèl sou teren ak zouti echantiyonaj pou polisyon dlo ak lè. Antite piblik yo ka ofri opòtinite aksesib pou rezidan yo bay temwayaj dirèk nan kominote a sou vyolasyon potansyèl oswa swadizan pandan odyans aplikasyon lalwa yo.
	Remèd ki Santre sou Kominote a – Antite gouvènman yo ka chèche remèd pou vyolasyon anviwònman ki lakòz benefis pou kominote ki afekte yo.
	Defans Jistis Anviwònman ak Klima – Antite prive yo kenbe dwa pou avanse objektif jistis anviwònman ak klima atravè òganizasyon kominotè ak defans politik.